



Cò ponpye, Vil New York EDIKASYON SOU SEKIRITE KONT INSANDI

Michael R. Bloomberg, Mè
Salvatore J. Cassano, Komisyonè Ponpye

ELEKTRIK SEKIRITE KAY



Sè jou si kay debòde ak teknoloji dènye kri, ekipman pou amizman, òdinatè. Men, lè twòp limyè ak aparèy ploge nan yon sistèm elekteik, l ap sijaje epi lap chofo depase la mezi. Chalè a fè fil izolasyon yo fonn epi yo pran

dife, konsekans la se dife elektrik.

SIJAJ PLÒG ELEKTRIK SE PI GWO KÒZ DIFE KI TIYE MOUN NAN NAN KAY.

Twaka nan dife elektrik kòmanse nan plòg oswa fil elektrik aparèy tankou frijidè, klimatzè oswa lanp. Kòd ki efiloche expoze fil elektrik yo ki fè etinsèl lè yo pran kontak youn ak lòt oswa nenpòt ki lòt bagay ki prize kouran elektrik la.

YO KA EVITE LAPLIPA DIFE ELEKTRIK.

Pran mezi sekirite kòm sa dwa., epi tcheke aparèy elektik, fil elektrik ak priz ou yo regilyèman:

- ✓ Sèvi ak anpoul ki gen vòltaj ki bon pou gwozè lanp la. Yon anpoul ki gen twò gwo vòltaj kab vinn fè l chofo depase la mezi epi mete dife.
- ✓ Pwoteje tout fil elektrik yo pou yo pa domaje. Pa fè fil kouri anba tapi oswa kapèt, pa makonnen yo ni fè yo pandye nan klou.
- ✓ Lè wap axchte fil oswa ekipman elektrik. Asire w ke ekipman yo se ekipman ke laboratwa reprezante, mak (UL). Mak (UL) la fè w konnen ke yo tcheke sekirite pwodui an.

✓ Enspekte ekipman yo regilyèman pou asire w ke yap mache byen. Si lè yon aparèy kòmanse ap mache li bay yon lòt sant oswa li bay yon son ki pa nòmal, deploge l epi sispann sèvi avè l. Si li bay lafimen oswa lap boule, rele cò ponpye (911).

✓ Pa janm sèvi ak yon aparèy ki gen yon fil ki domaje. Asire w ke ou sèvi ak aparèy ki gen plòg ak twa-tèt pou ploge yo nan priz ki pou twa tèt. Si pa gen priz twa tèt la lakay ou, achte adaptè twa tèt nan nenpòt ki magazen kinkayri.

✓ Bay television, òdinatè, steryo kont espas pou lè ka pase pou yo pa chofo depase lamezi.

✓ Pou sa anpeche sichaj, pa janm ploge plis ke de aparèy nan yon sèl priz kouran an menm tan oswa prize aparèy siplemanntè youn sou lòt nan yon fil oswa priz ki nan mi a. sèvi ak priz ki la pou pran plizyè plòg.

✓ Lè yo pap sèvi deploge ekipman tankou fou pou griye, sechwa pou cheve, fè pou repase tèt, ak aparèy pou fè kafe.

✓ Tcheke priz ak plato swich yo pou asire w ke yo pa cho plis ke pou yo ta ye lè ou manyen yo. Si yo cho deploge fil elektik la toutswit epi pa sèvi ak swich yo. Pi vit ke w kapab, rele yon elektrisien ki kalifye pou l vinn tcheke kijan fil yo pase.

✓ Se pou w bay gwo ekiment ki sèvi ak gwo vòltaj yon atansyon espesyal. Ekipman tankou klimayzè, frijidè, fè a repase, fou mikwo ond, machinn pou lave vessèl, ak aparèy pou fri manje. Evite ploge yo nan menm priz kouran oswa nan menm sikwui elektrik.



PA PÈDI TAN!

RELE CÒ PONPYE **911**

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

ALAM POU KARBON MONOXID SOVE VI

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

Yon mesaj sekirite piblik kont insandi ke cò ponpye new york city voye

**FD
NY**

MISYON NOU SE SEKIRITE W

AP SÈVI NEW YORK AK FIÈTE DEPI 1865



PASE FIL YO BYEN!

BAGAY POU VIDE KOURAN ELEKTRIK

Bagay pou vide kouran elektrik ak bagay pou pwoteje aparèy elektrik pa bay plis kouran, yo jis bay plis fasilite pou menm kapasite limite ke sikui a genyen kote li konekte a.



Tout bagay ki vide kouran pa pwoteje aparèy elektrik. Epi tou, an ka de yon gwo ogmantasyon nan fòs kouran an, aparèy pou vide kouran elektrik la ka sèvi yon sèl fwa sèlman, e gen anpil chans ke wap oblije ranplase l.

Si ou konte anpil sou aparèy ki pou vide kouran, sa vle di ke ou pa gen kont priz kouran pou sèvi jan ou bezwen an. Kontakte yon elkrisyen ki gen lisans epi fè li enstale plis priz kouran ak sikwui.

FIL RALONJ

Fil ralonj yo la sèlman pou sèvi on ti tan tanporè. Majorite a pa ka voye kouran elektrik tankou yon fil elektrik nòmal, yo gen tandans chofe depase la mezi. Plòg la gen dwa chofe depase la mezi kote li prize a menm oswa tout longè fil la.

Fil ralonj vinn nan yon varyete dimansyon fil, ke yo rele kalibrè. Sa ki pli popilè yo se 18, 16, 14, 12 ak 10. Plis kalib la ba, plis kouran elektrik (anpè) ap pase nan fil la. Kidonk fil ki mezire 12 kalib pi lou pase fil ki mezire 14 kalib. Alò yon fil ralonj ki mezire 16 kalib ka sèvi pou yon lanp tab.



Sa se yon gwo diferans ak on si elektrik kap bezwen plis kouran, kidonk se pou yo ta sèvi ak on fil ralonj gwo pnyèt ki mezire 12 kalib.

Pou detèmine si fil ralonj la evalye kòm sa dwa pou kantite ak kalite ekipman ki pwal ploge ladann, adisyone vòltaj total chak anpoul oswa aparèy epi divize li pa 120 pou kalkile anperaj total la. Si anperaj la egal oswa li pi wo pase lalib maksimòm fil la, se pou ou sèvi ak yon fil ralonj ki gen pi gwo kalib.

Lè ou doute epi w pa si, sèvi ak yon fil ralonj ki pi gwo ke sa ou bezwen an, pa janm sèvi ak sa ki pi piti a.

KALITE FIL RALONJ	MEZI	ANPERAJ	TOTAL WAT	Voltaj
FIL LEJE (lanp, radyo)	18 kalib	7 anpè	875 Wat	125 vòlt
FIL MYÒYEN (ti ekipman elektrik)	16 kalib	13 anpè	1625 Wat	125 vòlt
FIL GWO PONYÈT (òdinatè, apèy pou inprime)	14 kalib	15 anpè	1825 Wat	125 vòlt
FIL GWO PONYÈT (zouti elektrik)	12 kalib	20 anpè	5000 Wat	220 vòlt

Tout otan fil la ap vinn pi long kapasite tout fil kouran genyen pou yo voye elektrisite diminye. Donk, nan sityasyon kote ou ta petèt kapab sèvi avèk yon dimansyon mwayen, yon fil ralonj kalib 14, ou gen dwa bezwen ogmate pwisans la epi sèvi ak on 12 kalib lè ou bezwen youn ki pi long.

PA JANM sèvi ak on fil ralonj, kèl ke swa kalib la pou gwo aparèy tankou frijidè, frizè, klimatizè, machin pou seche rad, oswa chofaj. Aparèy ki bay gwo kouran sa yo jenere gwo chalè nan fil la, ki fè li chofe depase la mezi, fonn oswa pran dife.

ENTRÈWOPTÈ SIKUI GWOUN

Dlo mele ak elektrisite ka yon eksperyans ki fè w sezi ba w chòk. Yon aparèy ki ka entrèwomp sikui gwoun ki gen defo (GFCI) ap pwoteje kont chòk elektrik aksidantèl oswa elektwokisyon, li aji san pèdi tan pou li entrèwomp sikui a.



Kay ki bati depi ane 1970 yo, oblije gen yon GFCI enstale ladan yo, nenpòt lè on priz elektrik nan zòn 6 pye bò yon sous dlo, tankou evye, benywa oswa pisinn. Men si kay ou a te bati anvan 1975, yo conseye w pou w ta fè enstale yon GFCI nan twalèt la ak kwisinn la.

KÒMAN POU REKONÈT YON FO FIL RALONJ

Fo pwodui ki sètifye UL poze pwoblèm serie pou sekite piblik. Gen mwens fil gwiv andedan fil ralonj sa yo ke geyen nan fil ki sètifye yo, epi yo pa kapab kinbe konpetans gwo nivo eliktrisite. Malgre li ka difisil pou rekonèt yon fo, pi bon jan ou ka idantifye yo se pri a.



Fil ralonj ki vann pou .99 santim pwobableman fo pwodui ki pa pa sinesòf.



VIL NEW YORK
9 METRO TECH CENTER
BROOKLYN, NEW YORK 11201-3857

INITE EDIKASYON FDNY &
BIWO ENFÒMASYON PIBLIK FDNY
www.nyc.gov/fdny
www.fdnymfoundation.org

